

LIV MANM OU A GEN YON MIZAJOU POU ENKLI ENFÒMASYON ANPLIS SOU REZO SWEN SOSYAL

Apati **1ye janvye 2025**, ou ka resevwa depistaj ak referans nan sèvis lokal, eta ak sèvis federal ki deja egziste atravè rezo Swen Sosyal (SCNs). Si ou kalifye, gwoup lokal sa yo kapab konekte w avèk sèvis nan kominate w la ki ede avèk lojman, transpò, edikasyon, travay, ak jesyon swen sante gratis pou ou.

- Apre depistaj atravè SCN sa a, oumenm ak nenpòt manm ki enterese (yo) nan kay ou kapab rankontre avèk yon Navigatè Swen Sosyal ki ka konfime kalifikasyon pou sèvis ki ka ede avèk sante endividyèl ak byennèt. Yo ka mande w oswa manm ki lakay ou bay dokiman sipò pou detèmine ki kote yo kapab bezwen sipò siplemantè.
- Si oumenm oswa nenpòt manm nan kay ou kalifye pou sèvis yo, Navigatè Swen Sosyal la ka travay avèk ou pou jwenn sipò ki nesesè yo. Ou ka kalifye pou plis passe yon sèvis, tou depann de kalifikasyon endividyèl. Sèvis sa yo enkli:
 - Sipò pou lojman ak sèvis publik:
 - Enstale modifikasyon nan kay tankou ranp, balistrad, ba apiye, chemen, ouvèti pòt elektrik, laji pòt yo, pòt ak manch pou kabinè yo, enstalasyon twalèt, kabinè kwizin oswa evye, ak sifas ki pa glisan pou rann kay ou aksesib e san danje.
 - Mwazi, eliminasyon ensèk nuizib, ak sèvis soulajman opresyon.
 - Bay yon klimatizè, yon chofaj, yon imidifikatè oswa yon dezimidifikatè pou ede amelyore vantilasyon nan kay ou.
 - Bay ti inite refrijerasyon ki nesesè pou tretman medikal.
 - Ede ou jwenn ak aplike pou lojman ki an sekirite e ki estab nan kominate a ki ka gen ladan asistans avèk lwaye e sèvis publik.
 - NOTE: Gen kèk sèvis lojman ki ka kouvri pa plan ou a. Se poutèt sa, kèk sèvis lojman pral mande pou kowòdinasyon ant Navigatè Swen Sosyal la avèk manadjè swen sante ou a.
 - Sèvis transpò:
 - Ede ou avèk aksè a transpò publik oswa prive pou ale nan andwa apwouve pa SCN tankou yon entèvyou travay, klas sou kouman pou w leve pitit ou, tribunal lojman pou anpeche degèpisman, mache fèmye lokal, ak biwo depatman vil la oswa biwo depatman leta yo jwenn dokiman enpòtan.

- Sèvis jesyon swen:
 - Jwenn èd pou w jwenn yon travay oswa yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl, pou w aplike pou avantaj publik yo, pou w jere finans ou ak pou anpil lòt ankò.
 - Mete w an kontak ak sèvis tankou gadri, sèvis bay konsèy, entèvansyon lè gen kriz, pwogram sante lakay ak anpil lòt ankò.

Lè w pran kontak avèk yon SCN nan zòn ou:

1. Ou ka rele Sèvis Manm HomeFirst nan 1-877-771-1119 (TTY:711) epi n ap konekte ou nan yon SCN nan zòn ou.
2. Ou ka rele SCN nan konte ou epi mande yon depistaj oswa plis enfòmasyon. Gade enfòmasyon kontak SCN nan tablo ki anba a.
3. Ou ka vizite sit entènèt yo tou pou kòmanse yon depistaj poukout ou.

Yon fwa konekte avèk SCN, yon Navigatè Swen Sosyal pral konfime kalifikasyon ou apre li fin poze w kesyon, mande dokiman sipò (si sa nesesè), ba ou plis enfòmasyon sou sèvis ki kalifye yo, epi ede ou konekte avèk yo.

SCN	konte yo	Nimewo telefòn
Health Equity Alliance of Long Island	Nassau https://healiny.org/	516-505-4434
Hudson Valley Care Coalition, Inc.	Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster, Westchester https://hudsonvalleycare.org/services/hudson-valleys-social-care-network/	800-768-5080
Solisyon Sante Piblik	Manhattan, Queens, Brooklyn https://www.wholeyou.nyc/	888-755-5045
Staten Island Performing Provider System	Richmond https://statenislandpps.org/social-care-network/	917-830-1140
Somos Healthcare Providers, Inc.	Bronx https://www.somoscommunitycare.org/social-care-network/	833-SOMOSNY (833-766-6769)